**ЦÆСТУАРЗОН АДÆЙМАГМÆ ХУАРЗÆЙ ЦИ ФÆУУЙ, УОМÆЙ ИННЕТÆ ХАЙГИН КÆНУНЦÆ!..**



***Данте АЛИГЬЕРИ (1265-1321), итайлаг финсæг: «Берæ æхцатæбæл ка ниддæвдæг уй, уомæн рæдау уæн нæййес, е ескæмæн хуарз ракæнунгъон нæй. Хуæрзгæнæг адæми ке фæууарзуй, уой туххæй фæууй парахат зæрди хецау. Боэций (рагон ромаг финсæг – Ред.) æ киунугæ «Нифсæвæрæнтæ»-йи дуккаг хайии уомæн уотæ загъта: «Æхца хуарз æнцæ айдагъдæр уæд, æма сæ иннетæн дæтгæй ку исхарз кæнай...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№14 (932) 2025 анзи 19 апърел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман


**ХУÆРЗГÆНÆГÆН Æ ФÆЛЛÆНТТÆЙ АЛÆМÆТДÆР КÆНУЙ ÆХЕ УОДВАРНÆ ДÆР!..**



Къарæ ист æй социалон хизæггæй

## СÆ САБИЙДОГÆЙ ÆНÆХАЙ СУВÆЛЛÆНТТÆ БАРÆВДАУЙНАГ ÆНЦÆ...

Тугъди сувæллæнттæ... Аци загъд ни ка нæ фегъуста æма, ци амонуй, уой ка нæ зонуй, уæхæн нæ разиндзæнæй. Уæдта етæ ци гъезæмæрттæ бавзурстонцæ, уомæй син ка нæ тæрегъæд кæнуй æма, цæмæй абони ма сæрæгас ка 'й, уæддæр етæ сæ зæруай кари бацæуигæй, рæвдуд куд уонцæ, уой ни ке зæрдæ нæ зæгъуй, уæхæн дæр, æвæдзи, нæ разиндзæнæй.

Уогæ – ефстæгтæй уæлдай. Уæхæн æздæх си хумæтæги нæ кæнæн. Уомæн æма, еци тæрегъæддаг сувæллæнттæ исбоц кæнуни туххæй закъони фарс рæстзæрдæ адæм æнæгъæнæйдæр кæд дзорунцæ, уæд гъуддаг кæмæй аразгæ 'й, етæ ба ниффæрскъæ 'нцæ, нæ арази кæнунцæ, уой исцардгъон кæнунбæл. Гъе уони фудæй, тугъди æверхъау рæстæгути хестæрти фарсмæ æмхъиамæтгæнæг ка иссæй æма уоййасæбæл уодуæлдайæй еци сувæллæнттæ ке сæрбæлтау фæхъхъазауат кодтонцæ, еци Фидибæсти 'рдигæй ба нерæнгæ дæр ма æргъудигæнæг нæййес.

Уомæн еума æвдесæн иссæй е дæр, æма нæ Уæлахези цуппаринсæй анзей кадæн цитгингæнæн мадзæлттæй дæр бабæй сæ, æнгъæлдæн, фенæхай кодтонцæ. Зундгонд куд æй, уотемæй бæрæгбони размæ Устур Фидибæстон тугъди хъазауатонтæ хуарзæнхæгонд æрцæудзæнæнцæ сæрмагонд феддонтæй – цуппаринсæй мин соми райсдзæнæнцæ тугъди архайгутæ æма инвалидтæ, сæрæгас си ка нæбал æй, уони цардæмбæлттæ, уæдта майдантæ «Блокадон Ленингради цæрæгæн», «Æрхъолагонд Севастополи цæрæгæн», «Æрхъолагонд Сталинграды цæрæгæн» лæвæрд кæмæн æрцудæнцæ, етæ. Уойбæрцæ феддон аккаггонд цæуй концлагерти раздæри æнагъон ахæститæн дæр. Фæйнæ финддæс æма дууинсæй мин соми райсдзæнæнцæ фæскъилдуни фæллойнæгæнгутæ æма концлагерти раздæри æнхæсткаргун ахæститæ... Тугъди сувæллæнтти кой си нæййес. Уотемæй ба уони банимайун дæр æгæрдæр ма бæргæ æнгъезуй... Етæ дæр, баруагæс уи уæд, сæ гæнæнтæ æма равгитæмæ гæсгæ сæ хъиамæтти хай бахастонцæ Уæлахези сæрбæлтау гъуддæгутæмæ. Мадта етæ уæди æверхъаудзийнæдти фудæй ци гъезæмæрттæ бавзурстонцæ, уомæн ба уотид загъдæй зæгъæн дæр нæййес. Уомæн æвдесæнæн æрмæг мухур кæнæн 4-5-аг фæрстæбæл.

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2025 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**

**«ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»**



ГАГИТИ
Моисейи фурт
Гаврил (1923-2012)



ГАГИТИ
Моисейи фурт Маир
(1907-1965)



ГÆДЗАОНТИ Алихани
фурт Солтан
(1923-1988)



ГЕТЪОТИ Елхъани
фурт Урусхан
(1914-1943)


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Уæрæсей цæуй нæ бæсти Гæрзефтонг Тухти рæнгъитæмæ уалдзигон фæдздзурд. Цæудзæнæй 15 июли уæнгæ. Уæдмæ Цæгат Иристонæй сæ бæрнон ихæс æнхæст кæнунмæ рандæ уодзæнæнцæ авдсæдæ лæхъуæни. Æнгъæлмæ сæмæ кæсунцæ фестæгæфсæддон хæйтти, денгизон флоти, æфсæддон–космосон тухти, æнæнгъæлæги уавæрти министради æфсæдти.*

**Æ РАВГИТÆЙ РÆСТМÆ ПАЙДА КÆНУНМÆ АЦЪАГЪУÆ КÆМÆ ЕС, УÆЛДАЙ АРÆХСТГИНДÆР Е ФÆУУЙ!..**



# СÆЙРАГДÆР – УÆХЕ ХЪАУРÆ ÆМА НИФСÆЙ АРХАЙУНГЪОН УН!..»

Зундгонд куд æй, утемæй Уæрæсей Президент **Владимир Путини** хъæппæресæй æнхæстгонд цæудзæнæй национ проект «Фæсевæд æма сувæллæнттæ». Уомæн æ нисанеуæг æй кæстæрти гъомуси берæвæрсуг гæнæнтæ рæстмæ æма арфиаг гъуддæгутæ аразунæн æнхæстæй пайда кæнун, сæ искурдиæдтæ раргом кæнунæн æма син сæ бæлдитæ исæнхæст кæнунæн агъаз...

Еци нисанеуæги фæдбæл бæлвурд куст цæуй мах республики дæр. Уобæл цудæй дзубанди, Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйлоймæн** æрæги Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети ахурдзаути хæццæ ци фембæлд адтæй, уой рæстæги дæр.

Дууæ сахаттемæй фулдæр рахаста, уоми æргом дзубанди. Дзурдтонцæ си фæсевæдæн сæ бæлдтаг гъуддæгути агъази мадзæлттæбæл, нуриккон ахурадон æгъдæуттæ æма фæткити туххæй, абони æхсæнади циуавæр дæснийæдтæ æма специалисттæ хъæбæрдæр гъæуй æма æндæр фарстатæбæл. Студенттæ устур цæмæдесæй фарстонцæ нæ республики фæззуати идарддæри райрæзти туххæй, уæдта ма Сергей Меняйлойæн радзурдтонцæ, нæ абони цардарæзти алли ахсгиаг фарстатæ ралух кæнунæн сæмæ ци гъудитæ æма фæндитæ ес, уони фæдбæл. Уæхæн дзубанди, æнæмæнгæ, фæййагъаз æй æригæнтти домæнтæ æма сагъæссаг фарстатæ арфдæр балæдæрунæн.

Сергей Меняйло ма куд баханхæ кодта, утемæй фæсевæди хæццæ уæхæн фембæлдтитæ идарддæр дæр арæзт ке цæудзæнæнцæ, уомæн æма республики исонибони ирæзти гъуддæгутæ æнтæстгиндæрæй æнхæст кæнунæн агъаз æнцæ.

Фембæлди кæронбæттæни ба Сергей Меняйло загъта:

– Абони мах нæ еугур хъауритæй дæр алцидæр аразæн, цæмæй Уæрæсей цардиуагæ бонæй-бонмæ хуæздæр кæна. Уоми ба сумах нæ нифс айтæ, сумахбæл дарæн нæ зæрдæ, уомæн æма сумахæй алкедæр æхе бунати Райгурæн бæстæн пайдахæссæг уодзæнæй. Сумах – исонибони дохтиртæ, экономисттæ, юристтæ, инженертæ, административон косгутæ – уæ куст, уæ размæ æввæрд нисантæ, куд гъæуй, уотæ ку æнхæст кæнайтæ, уæд нæ бæсти размæцуд, ирæзт æма æдасдзийнадæмæ устур æввæрæн бахæсдзинайтæ, уодзинайтæ ин аккаг граждæнтæ. Хъæбæр æхцæуæн мин адтæй уæ еугурей фæуунæй дæр. Царди надбæл рæствæндаг уотæ! Зиндзийнæдтæ дæр, ке зæгъун æй гъæуй, æввардзинайтæ, фал уой хæццæ ба уæлахезтæ дæр уæмæ æнгъæлмæ кæсунцæ. Уæлдай сæйрагдæр ба е æй, æма ци нисантæ æввæретæ уæ размæ, уонæмæ, кедæр фæрсаг агъазмæ æнгъæлмæ нæ кæсгæй, уæхуæдтæ уæхе хъаурæ æма нифсæй æдæрсгæй цæуингъон, уæдта сæбæл дзуапп дæттунгъон куд уайтæ.

**КА ЦÆЙБÆРЦÆ ФÆЦЦÆРУЙ, УОЙБÆРЦÆ ФÆУУИНУЙ, КА ЦÆЙБÆРЦÆ ФÆУУИНУЙ, УОЙБÆРЦÆ ФÆЗЗОНУЙ!..**



# ÆРИГОНÆЙ ЗÆРДÆРГЪÆВД РÆСТВÆНДАГГÆНАГÆ ÆЙ!..

Æхцæуæн æма нифсдæттæг æй, нæ кæстæртæ берæ аллихузон арфиаг гъуддæгути сæрæнæй ке фескъуæлхунцæ, е. Сæрустур си ан, фæнзуйнаг æнцæ се ’мгæрттæн.

Æрæги ба си сæхе сæрæнæй равдистонцæ, æввазæн баради æма æввазæн гъуддаги фæдбæл скъоладзаути Еугуруæрæсеуон олимпиадæ «Софиум»-и мах республикæй ка архайдта, етæ – цалдæремæй си иссæнцæ уæлахезонтæ. Уой фæдбæл сæ хæццæ æрæги фембæлгæй сæ исбоц кодта нæ республики Сæргълæуууæги æма Хецауади Администраций разамонæг **Гобети Ибрагим**.

– Сумах алæмæти хуарз бацæттæ кодтайтæ еци вазуггин фæлварæнтæмæ æма сæ æнтæстгинæй раттунмæ исарæхстайтæ, æввазæн барадæзонуйнади равдистайтæ бæрзонд ацъагъуæдзийнадæ. Уæхæн æнтæстдзийнадæ хъæбæр бæлдтаг æй. Цуппаремæй си иссайтæ уæлахезонтæ. Аци анз еци олимпиади Цæгат Иристонæй архайдтонцæ Дзæуæгигъæуи 27-аг скъолай еуæндæсæймаг къласи ахурдзау Цорати Валерийæ, Горæтгæрон районы Октябрьскийи 1-аг скъолай дæсæймаг къласи ахурдзау Гогичати Софийæ.

Олимпиади уæлахезон къæпхæнтæ байахæстонцæ ахуради центр «Интеллект»-и еуæндæсæймаг къласти ахурдзаутæ Мæргъити Валерийæ æма Фæрниати Барис дæр.

Еугуруæрæсеуон олимпиадæ «Софиум» арæзт æрцудæй дууæ фæлтæремæй. Архайдтонцæ си дæсæймаг-еуæндæсæймаг къласти ахурдзаутæ нæ бæсти аст æма цуппаринсæй регионемæй. Кæронмæ си рахъæрттæнцæ дæс æма цуппаринсæй архайæги цуппар регионемæй. Уæлахездзаути нæмттæ исбæлвурд æнцæ 19 мартъий Мæскуй Уæрæсей Центрон æввазæн къамиси æмбурди.

– Уал уæлахезони еу регионæй иссæй, зæгъгæ, уæхæн регионтæ, мæнмæ гæсгæ, берæ нæ адтæй. Уомæ гæсгæ ба зæрдибунæй арфæ кæнун сумахæн дæр æма уæ ахургæнгутæн дæр, – загъта Гобети Ибрагим.

Фембæлди ма архайдта нæ республики æввазæн къамиси сæрдар **Моргуати Жаннæ** дæр.

Æма е æ радзубандий куд баханхæ кодта, утемæй нæ ахурдзаутæ еци олимпиади архайунмæ цæттæгонд цудæнцæ цалдæр мæйей дæргъи, равдистонцæ федар бухсундзийнадæ æма фæразондзийнадæ. Æма син уой туххæй райарфæ кæнгæй, загъта:

– Нæ республики номæй олимпиади архайгæй, уæхе нæ аккаг минæвæрттæй равдистайтæ. Æма уин уæ къохи ци бафтудæй, уæхе уобæл ма ниууагътæ, идарддæр тундзетæ никки бæрзонддæр нисантæмæ. Уе ’нтæститæ айдагъ уæхе нæ ’нцæ. Етæ ’нцæ нæ сахари, нæ еугур республики уæлахезтæ дæр. Цийфæнди нæдтæ ку равзарайтæ уæ цардвæндагбæл цуди, уæддæр еузæрдиуон уотæ нæ Иристонбæл. Мах æрдигæй ци аразгæ уа, уомæй уæмæ фæккæсунбæл ба архайдзинан, цæмæй уæ къохи никки бæрзонддæр уæлахезтæ æфтуйа, уой туххæй.

Фембæлди рæстæги е ’мбæлтти номæй радзубанди кæнгæй, **Моргуати Валерийæ** загъта:

– Махæй алке рагъбæл дæр бæрнон ихæс æрæнцадæй, нæ Иристони номæй олимпиади ке архайдтан, уомæй. Арфæ кæнæн, мах ка ахур кодта, уонæн сæ еугуремæн дæр, Республики æввазæн къамиси косгутæн, сæ ауодундзийнадæ æма сæ устур агъази туххæй. Нæ зонундзийнæдти хæццæ зонгæ кæндзинан иннæ ахурдзаути дæр, цæмæй, еуемæй зононцæ, æввазæн кусти закъæнттæ дæр, цæмæй лæдæронцæ, еци архайд цæмæдесаг ке æй, уой дæр.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма олимпиади уæлахезонтæй еуæндæсæймаг къласти ка ахур кæнуй, уонæй Мæскуй О.Е.Кутафини номбæл паддзахадон юридикон академимæ ахур кæнунмæ бацæун ка иснет кæна, уомæн ма уæлæнхасæн баллтæ æфтуд æрцæудзæнæй. Уæлахезонтæ еугурæй дæр каст æрцæудзæнæнцæ алæмæти ацъагъуæдзийнæдтæ ка бавдиста, еци адæймæгути паддзахадон информацион ресурсмæ. Дæсæймаг къласти ахурдзаутæ си ка ’й, уонæн ба фадуат уодзæнæй номдзуд фæлладуадзæн «Артек»-и фæуун, уæдта регионалон этапи нæ архайгæй олимпиади иннæ сезони архайуни барæ.

**ЕУГУРАДÆМОН ГЪУДДАГ**




## НÆ ЦИТГИНДÆР БÆРÆГБОНÆН – ТАБУГÆНÆГ МАДЗÆЛТТÆ

Цæгат Иристони Сæргълæуууæг **Сергей Меняйло** ин разамунд лæвардта, утемæй æрæги арæзт æрцудæй республиконон организацион комитет «Уæлахез»-и кезуй æмбурд. Дзубанди си цудæй нæ Цитгин Уæлахези 80 анзей кадæн цитгингæнæг мадзæлтти фæдбæл.

Республики разамонæг куд фегъосун кодта, утемæй аци хатт акци «Æнæмæлгæ полк»-и рацуд арæзт æрцæудзæнæй Сæребари фæзи (зундгонд куд æй, утемæй фæстаг цалдæр анзи аци мадзал арæзт цудæй онлайн-фæтки бундорбæл).

Цæгат Иристони Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Плати Альбинæ** куд фегъосун кодта, утемæй Уæлахези 80 анзей кадæн арæзт æрцæудзæнæй сæдемæй фулдæр номерæн-рохсадон мадзали. Сæ сæйрагдæр, æнæмæнгæ, исуодзæнæй 9 Майи æфсæддон парад. Республики сæйраг сахар æма районти цæудзæнæнцæ номерæн æмбурдтæ, литературон-музыкалон концерттæ, спектакльтæ, равдиститæ... Уонæн сæ зингæ хай нерæнгæ дæр æнхæстгонд цæуй. Зæгъæн, аци бæнтти скъолатæ æма иннæ ахургæнæндæнтти арæзунцæ Лæгдзийнади уроктæ, уæдта райдæдтонцæ акцитæ «Бæгъатæри номбæл гъæунгæ», «Финстæгутæ фронтæй», хæстæгдæр бæнтти ба – «Георгий лентæ», «Сæ цæсгæнттæмæ син бакæсæ» æма иннетæ. Скъоладзаутæ æма фæсевæд цæмæдесæй зонгæ кæнунцæ «Уæлахези поезд» æма æндæр цæугæ æма стационарон экспозицити хæццæ.

Республики æфсæддон мемориалти, уæдта тугъдонти æнсувæрон цирттити æма сæ алфамбулай рауæнти фиццаг майи уæнгæ гъæуама æнхæстгонд æрцæуонцæ фæлгонцадон куститæ.

*Цæгат Иристони Сæргълæуууæг æма Хецауади пресс-службæ*

**Киунуги Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 23 апърели. Циттингонд фæццæуй аллихузон мадзæлттæй, уæлдайдæр ба кæрæдземæн киунугутæ лæвар кæнунæй.**

*Саади ШИРАЗИ (1181-1291), персайнаг поэт: «Еске ка нæ бафхуардта, е бафхуæрунæй нæ тæрсуй. Къæдздун (скорпион) алкæмæйдæр тæрсгæ кæнуй, уомæн æма æхуæдæг фудгæнæг æй. Тикис цæруй хæдзари, адæми 'хсæн æма некæмæй тæрсуй, берæгъ ба æ фуртæссæй будурти æма гъæдти дзой-дзой кæнуй, уомæн æма æхуæдæг тогмондаг æй...»*

# СÆ САЙТАНИ ХАЙ СИН – УНАФФÆГÆНÆГ

**Уæрæсей фæсарæйнаг гъуддæгути министр Сергей Лавров хуæрзæрæги утæ загъта: «Дуйней еугур æверхъаудзийнæдтæ дæр фæстаг фондзсæдæ анзей дæргъи равзуриуонцæ Европи, кенæ ба æрцæуиуонцæ европаг политики фæрци…»**

Æма æцæгæйдæр утæ ке æй, *уомæн ба æрхæссæн ес берæ æруагæсгæнæг æвдесæнтæ. Етæ ма куд æвдесунцæ, утемæй еци æверхъаудзийнæдтæ, кæд еугурæй нæ, уæддæр сæ фулдæр ба арæзт æрцæуиуонцæ Уæрæсей нихмæ. Уой фæдбæл дзиллон хабархæссæг фæрæзнити бакæсæн ес берæ аллихузон æрмæгутæ. Уонæмæ гæсгæ бацæттæгонд æй, мæнæ абони ци уац мухур кæнæн, е дæр.*

*Евгъуд æноси райдайæни, бæлвурддæрæй ба 1917 анзи 10 декабри (зæронд нимадмæ гæсгæ) Парижи цалдæр европаг паддзахадей æнхæстбаргин минæвари бафинстонцæ Уæрæсей хецæн хæйттæбæл («Зоны действия») ниддехтæ кæнуни фæдбæл бадзурд. Куд баунаффæ кодтонцæ, утемæй англисаг зонæмæ хаст гъæуама æрцудайуонцæ Дон, Кубань, Кавказ, Астæуккаг Ази æма Уæрæсей европаг хайии цæгат. Французæгти хай иссайуонцæ Хъирим, Украинæ æма Бессараби. Минкъий фæстæдæр рагъæр æнцæ æндæр «гъавгутæ» дæр – куд дзубандигонд æрцудæй, утемæй Сибир æма Идард Искæсæн гъæуама иссайуонцæ Америки Еугонд Штатти æма Япониий «архайди тагитæ». Уогæ е фиццаг æма фæстаг бадзубандигонд нæ адтæй, дзурдгонд «коллективон нигулæн» ку багъавидæ удæгасæй удæгасдæр арси хиццаг цар дехтæ кæнунмæ. Æма си еци бæлдитæй ци рауайидæ, етæ бæлвурдæй бæрæг æнцæ дуйнеуон анзфинститæй.*



Къарæ ист æй социалон хизæгтæй

**Нæ Фидибæсти нихмæ абони фудмиутæ ка аразуй, еци паддзахæдти разамонгутæ хуæздæр ку 'ркæсиуонцæ историон æвдесæнтæмæ, уæд си баруагæс уидæ: Уæрæсе ниддæрæн æма 'й æ дæлбарæ бакæнунмæ кадæриддæр багъавидæ, етæ сæхуæдтæ сæ фудвæндити амæттаг бауиуонцæ. Мæнæ аци хузи уинетæ, Франций æфсæдтæ кæддæр Уæрæсемæ ку 'рбалæбурдтонцæ, уæд дæрæнгонд æрцудæнцæ, Уæрæсей æфсæдтæ ба уæлахезонæй бацудæнцæ Парижмæ. Аци хабар расагъæскæнуйнаг бæргæ 'й, абони Уæрæсей æрсæттуни сонт фæндитæ кæмæ фæззиндтæй, еци «тогмондæгтæн», фал сæмæ, æвæдзи, уой фагæ зунд æма лæдæрундзийнадæ нæййес...**

## УАНÆБÆРÆГ КЕ БАГЪУДАН?..

Европи æвзаргæ æфсæдтæ Уæрæсемæ ке 'рбалæбориуонцæ, уæхæн æнос, æвæдзи, нæ разиндзæнæй. Æма алли хатт дæр сæ нисан уидæ Уæрæсе сæ дæлбареуæг искæнун, æ адæмæй ба цагъартæ исаразун.

Еци «дун-дуйнейаг агъазиау сæррæттитæн» райдайæн ба æвæрд æрцудæй уартæ сауæнгæ Иван Грозный паддзахеуæг ку кодта Уæрæсей, 1578 анзи немуцаг цæстфæлдахæг Генрих Штаден Уæрæсей æфсади баслужбæ кæнгæй æма Уæрæсей бæстæй фæлледзгæй, æхе бахадта цитгийнаг Ромаг империй император Рудольф Дуккагмæ æхе арæзт «Московийæ империй фæрсаг бæстæ исаразуни пълан»-и хæццæ. Уоми финст адтæй: «Цæмæй Уæрæсей паддзахадæ байахæссай æма дæ дæлбарæ бакæнай, уой туххæй гъæуй æдеугурæй 200 науи хуæлцæй ефтонггонд, 200 дзармадзани æма 100 000 адæймаги. Утæ берæ ба уæрæсейæгти хæццæ истохунмæ нæ гъæунцæ, фал уоми хе гъæугæ хецауадæдзийнадæ 'рфедар кæнунмæ. Уæрæсейæгтæн фиццагидæр байсун гъæудзæнæй сæ хуæздæр бæхтæ, уой фæсте ба науи нисанеуæгæй сæмæ цидæриддæр ес, еци фæрæзнитæ.

Аргъауæндæнттæ гъæуама æхгæд æрцæуонцæ. Гъæутæ æма сахартæ гаффетгонд æрцæуонцæ, исонцæ тохæг адæймæгути амæттаг.

Уой фæсте ба гъудæй: Уруси зæнхæ бустæги устур æма æгæрон ке æй, уой туххæй дууæ кенæ æртæ хаййебæл ниддехтæ кæнун, æндæра æгæр парахат æй.

Еци зæнхити разамонгутæй æвæрд ка 'рцæуа, етæ ба гъæуама байархайуонцæ, цæмæй си 'рцæронцæ æндæр адæм, уомæн æма ауæхæн дзенетон бæстихай некæд некæми ма фæууидтон».

## ПОЛЬШАГ УÆЛАХЕЗ

Кæмæдæрти аци хабæрттæ, ка 'й зонуй, нигулæйнаг миути хузæн хе исхъазайраг кæнуни хузæн дзубандитæ фæккæсдзæнæнцæ. Фал цæйбæрцæдæр рæстæг, цалдæр дæсгай æнзти фæсте ци цаутæ цæун байдæттонцæ, уонæй баруагæс æй, уæхæн нисантæн, еу загъдæй, исæнхæстгæнæн ке адтæй, е.

Мах исахур ан утæ нимайунбæл, æма 1612-1613 æнзти уæрæсейаг паддзахади ци хæлхъой догæ ралæудтæй, е паддзахадæ сæрисæфти къурцдзæвæнмæ 'ркодта. Фал е рæстæгмæ хабар адтæй. 1618 анзи бабæй уодхар рист Уæрæсебæл исæмбалдæй нæуæг цæф. Къароли фурт Владислав аст мин польшаг æма европаг ихуæрст тохгути хæццæ, уæдта сæ фарсхуæцæг Петр Сагайдачный æ 20 мин хъазахъаг æфсæддоней хæццæ 'рбампурстонцæ Мæскумæ. Уæд Мæску гъæуайгонд æрцудæй, фал рæстæгмæ федуди тухxæй Деулинаг бадзубандимæ гæсгæ, Уæрæсе фенæхай æй 150 анзей дæргъи мæскуйаг паддзæхтæ гæппæлгай ци зæнхитæ фембурд кодта, уонæй: Смоленск, Чернигов, Новгород-Цæгаттаг, Брянщинæ æнæгъæнæй, калугаг зæнхитæ æма ма сауæнгæ Твери облæст дæр иссæнцæ польшæгти. Еци территоритæй сæ бон рандæун адтæй айдагъдæр дини косгутæн, къупецтæ æма гъæздугутæн. Зæнхкосгутæ æма æнæуой куститæбæл хуæст адæм ба гъæуама иссайуонцæ польшæгти дæлбарæ æд цъелæ-æд мелæ. Польши паддзахади айдагъ зæнхитæ нæ гъудæй, фал ма лæвар косгутæ дæр.

## ЕВРОПÆ УÆРÆСЕЙ НИХМÆ

Æстдæсæймаг æноси адæми зæрдити ниффедар æй, куд Уæрæсей тохæнгарзи уæлахезти рæстæг, утæ. Ци берæ тугъдон уæлахезтæ ин бантæстæй, уонæбæл нимад æй 1709 анзи «Хуæрзномгин Полтаваг уæлахез» («Преславная Полтавская виктория»). Цæмæдæр гæсгæ нимад цæуй Цæгаттаг тугъди цау. Æцæгдзийнадæй ба Полтавæ æй, Уæрæсемæ æ ниддехтæ кæнун æма си дæлбарæ исаразуни фæндæй æрбалæбурд нæ бæстæмæ идард æрбацæуæнти уорæд ку 'рцудæнцæ, еунæг уæхæн цау нæ фидибæстон историй.

Уæд Карл Дууадæсæймаги фæндитæ уæхæн адтæнцæ: Мæску байахæссун æма уордигæй унаффæ кæнун сабурдзийнади æууæлтæ исфедар кæнун; Петр Фиццаги æ бунатæй расхуайун, ку багъæуа, уæдта 'й маргæ дæр ракæнун: Псков, Новгород, Балтий денгизи билгæрæнттæ, Архангельск æма Уорс денгиз æнæгъæнæйдæр гъæуама бацайуонцæ Швеций дæлбарæ. Украинæ æма Смоленщинæ – Польший, Астрахань, хонсар зæнхитæ, Волги билгæрæнттæ бафтудайуонцæ турккæгтæ æма хъиримаг тæтæйрæгтæмæ. Уой тухxæй америкаг историк Роберт Мэсси утæ финсуй: «Еугур бæстити Паддзахадон архайгутæ дæр хъæбæр нæрæмонхузæй æнгъæлмæ кастæнцæ Карл бабæй ке фæуууæлахез æй æма æ зундгонд æфсад Мæску ке байахæста, уой тухxæй хабæрттæ фегъосунмæ.

Швеци цæгати зæнхитæ æхе бакæнгæй, иссайдæ искæсæни баргин, Эльбæ æма Амури 'хсæн ци цаутæ цудайдæ, уонæн тæрхонхæссæг. Цагъайраг Уæрæсе ниддехтæ адтайдæ, шведæгтæ, польшæгтæ, хъазахъæгтæ, турккæгтæ, гæнæн адтæй, æма китайæгтæ дæр си агъазиау гæбазитæ ку ралухтæ кодтайуонцæ, уæд.

Нæудæсæймаг æноси дæр Уæрæсе ниддехтæ кæнун гъавтонцæ дууæ хатти.

Фиццаг – Наполеони «Разагъди æфсади» æрбампурст. Уой рæнгъити æмбурдгонд æрцудæнцæ, зæгъун æнгъезуй, æнæгъæнæ Европи тохунгъон тухтæ. «Уруссаг кампаний» нисан адтæй, Уæрæсей тухвæндæй дæр исарази кæнун Франций æмдзæхдон исунбæл. Уогæ ес цæмæдесаг архивон документ, кæций Уæрæсемæ 'рбалæбурди размæ Наполеонмæ балæвардта французаг дивизион инæлар Михаил Сокольницкий (адтæй польшаг). Еци меморандунмæ гæсгæ, Уæрæсей басасти фæсте æ европаг хай гъæуама дехтæгонд æрцудайдæ цалдæр коммæгæс паддзахадебæл – Ливонаг, Полоцкаг, Черниговаг, Полтаваг герцогствитæбæл. Нæуæг Уæрæсейаг ке худтонцæ, (Хъиримæй Дони уæнгæ), уонæй ба гъæуама арæзт æрцудайдæ нæуæг паддзахадæ æма хундтайдæ Наполеонидæ. Наполеони инæлар Михаил Сокольницкийи гъудимæ гæсгæ «бунæттон цæргутæ Дæ императори бæрзонддзийнади ефтонг кæндзæнæнцæ Наполеониди аслан дзолæй». Куд уинæн, утемæй сæ еугуремæн дæр адтæй еу нисан: Уæрæсей паддзахадæ ниддехтæ кæнун, адæмæй косæг цагъартæ искæнун.

Иннæ багъавд: 1853-1856 æнзти тугъд. Мах æй хонæн Хъиримаг тугъд, французæгтæ ба – Искæсæйнаг, англисæгтæ ба – Уруссаг. Еци тугъди нисантæ римæхстаг некæмæн адтæнцæ, уой тухxæй финстонцæ еугур европаг газеттæ дæр. Еци тугъди фæуууæлахези фæсте «Аландаг сакъадахтæ æма Финлянди гъæуама фæстæмæ бауонцæ Швеций, Прибалтикæ – Пруссий, Польшаг къароладæ ба нæуæгæй гъæуама исуа куд гæрæн Германи æма Уæрæсей æхсæн; Молдави Валахи æма Дунайи рæбун зæнхитæ ба бафтуйдзæнæнцæ Австрибæл, Хъирим æма Кавказ ист цæунцæ Уæрæсейæй æма лæвæрд цæунцæ Туркæн… Хуарз уидæ Уæрæсе нæуæгæй æ медбæстон зæнхитæбæл кустмæ раздахун, Московитти гъæдтæ æма итигъд будурти æрфитæмæ батæрун…»

Инсæйæймаг æноси дæр Уæрæсе ниддехтæ кæнунмæ багъавтонцæ æртæ хатти. Фиццаг иснисан кодтонцæ 1917 анзи. Æ исæнхæст кæнунмæ ба бавналдтонцæ 1918-1921 æнзти. Уæд фæззиндтæй, мæнæ уæлдæр ке кой искодтан, «Зоны действия» зæгъгæ, бадзубандигонд.

Æма Антанти паддзахæдтæ 'рбампурстонцæ Уæрæсемæ. Ци рауæнтæ байахæстонцæ, уонæмити уоййасæбæл гъезæмайраг фæткитæ æрфедар кодтонцæ æма син зæгъæн дæр нæййес. Еци рæстæг Кольски æрдæгсакъадах дæр хаудтæй Архангельски губернимæ, цардæй си 600 мин адæймаги цæрæги. Анз æма æрдæги дæргъи уонæми англисæгтæ ци концлагертæ исараздтонцæ, уоми куста 55 мин адæймаги, растдæр зæгъгæй ба алли дæсæймаг дæр.

Дуккаг багъавд: 1940-1942 æнзти нацистон «Генералон пълан Ост»-кæцимæ гæсгæ Уæрæсей европаг хай гъæуама еугурæйдæр бацайдæ Германий дæлбарæ. Тæккæ минкъийдæр гъудæй ниццæгъдун еци зæнхити цæргутæй 30 миллион адæймаги.

Æртиккаг багъавд райеудагъ æй «уазал тугъди» дæргъи. 1949 анзи федаргонд æрцудæй пълан «Дроншот». Уæрæсей устурдæр сахартæбæл гъæуама гæлст æрцудайдæ 300 ядерон æма 29 мин фугасон бомби. Ци сахартæ фехалунмæ гъавтонцæ ССР Цæдеси, уони нимæдзæ хъæрттæй сæдемæ. Уой уæлæнхасæн ба ма нæ бæстæмæ гъæуама æрбампурстайуонцæ 250 дивизий. Утемæй ССР Цæдес еугурæйдæр бацайдæ сæ дæлбарæ, дехгонд æрцудайдæ цуппар зонебæл, уонæми сæйрагдæр сахарти ба гъæуама æрбунат кодтайуонцæ америкаг æфсæддон хæйттæ.

Сæ еци фæндитæй кæцидæртæ сæ къохти бафтудæнцæ. ССР Цæдес нийхалдæй, уомæй ка фæххецæн æй, етæ сæхе хуæдбарæ паддзахæдтæ бæргæ хонунцæ, фал æцæгæй ба фæсокеанаг хецæуттти дæлбæр иссæнцæ, етæ син дæттунцæ разамунд. Æма сæ нур ба сæ еци разамонгутæ ардаунцæ Уæрæсей нихмæ, гъавунцæ уони къохтæй Уæрæсе бабун кæнунмæ.

Фал историон фæлтæрддзийнадæ куд æвдесуй, утемæй уæхæн «гъæститæ» хъæбæр тæссаг æнцæ, уой дæр, ка сæ аразуй, уонæн сæхецæн æма уой, куд кæсæн, утемæй нæ лæдæрунцæ. Куд фæззæгъунцæ, сæ сайтани хай син – унаффæгæнæг.

**Устур Фидибæстон тугъди æхсаргин архайæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр Сæбанти Луарсабий фурт Григорийи райгурдбæл 20 апърели æнхæст кæнуй финддæс æма фондзинсæй анзи (1910-1968).**

*Джелаладдин РУМИ (1207-1273), персайнаг поэт: «Ракæсай, зæнхи цъæсгитæмæ дæр æма уæлæрвти итигъдадæмæ дæр... Рæстæгутæ дæр уони æнгæс фæйнæхузон æнцæ: анзи æмбес зæнхæ зæрæстон фæууй, иннæ æмбеси ба деденæг фæккалуй. Рæстæг дæр уотæ раййевæ-баййевæ*

## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»



**ГУÆЗДÆРТИ Губай фурт Хæмит (1925-1971)**



**ДАШИТИ Алимæрзай фурт Сослæнбек (1914-1943)**



**ДЗЕДАТИ Дзантей фурт Павел (1923-2016)**



**ДЗИДЗОЙТИ Гæлæуи фурт Казир (1921-2002)**

# УОГÆ БА ЦИ ЦÆРДТИТÆ БАВЗУРСТАН...



Къарæ ист æй социалон хизæгтæй



**ДЗАБАЙТИ-МАЛИТИ Фузæ,**
Цæгат Иристони адæмон ахуради æскъуæлхт ахургæнæг:

***– Æз дæр дæн, мæнæ тугъдон сувæллæнттæ ке хонунцæ, уонæй, æма ма бæлвурдæй гъуди кæнун, тугъди рæстæги хабæрттæ... Уæлдайдæр ба уой, æма цæйбæрцæбæл дзæвгарæ мæгур бæнттæ нин æвзаргæ рауадæй. Хестæртæ ци зиндзийнæдтæ æвзурстонцæ, уони кой нуртæкки фæлтæртæн, тугъди хабæрттæ уотид койтæй ка зонуй, ку ракæнай, уæд си, æвæдзи, æруагæс дæр нæ бауодзæнæй, гъома, уæхæн фудимелатæн куд ес уæн, зæгъгæ...***

Æрхæстæг кæнуй нæ Цитгин Уæлахези бæрæгбон. Æма Устур Фидибæстон тугъди хабæрттæ æхе цæститæй ка фæуюидта, æ гъезæмæрттæ æма ин æ æверхъаудзийнæдтæ æхебæл ка бавзурста, уонæй ма цардæгас ка 'й, етæ куд нæ имисдзæнæнцæ, Уæлахези кой хуæрзæнгорæггаги хузæн ку райгъустæй, еци бон.

Кæд æма е цуппаринсæй анзей размæ адтæй, уæддæр абони дæр мæ зæрдæбæл лæуюй, гъæунгти адæм куд циинæгæнгæ рауайæ-бауайæ кодтонцæ, куд гъæр кодтонцæ: «Тугъд нигъгъос æй!..», «Тугъд нигъгъос æй!..» Махæй хъалдæр, æвæдзи, неке адтæй...

Æз дæр дæн, мæнæ тугъдон сувæллæнттæ ке хонунцæ, уонæй, æма ма бæлвурдæй гъуди кæнун, тугъди рæстæги хабæрттæ, уæлдайдæр ба немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ Цæгат Иристонмæ ку æрбайервазтæнцæ, уæди цаутæ, бæлвурдæй ба мæ райгурæн гъæу Сурх-Дигори цитæ цудæй, уой. Уæлдайдæр ба уой, æма цæйбæрцæбæл мæгур бæнттæ нин æвзаргæ рауадæй. Хестæртæ ци зиндзийнæдтæ æвзурстонцæ, уони кой нуртæкки фæлтæртæн, тугъди хабæрттæ уотид койтæй ка зонуй, ку ракæнай, уæд си, æвæдзи, æруагæс дæр нæ бауодзæнæй, гъома, уæхæн фудимелатæн куд ес уæн, зæгъгæ.

Æцæгæйдæр, ци зинтæ ба син æвзаргæ нæ рауадæй, фал фæразтонцæ, уомæн æма син уомæй зиндæр ба адтæй сæ кæстæрти зин, гъудæй уони цийфæнди амæлттæй дæр багъæуай кæнун. Уотæ мæмæ кæсуй, æма уæди кæстæртæ зингæ-зингæдæр лæдæрагæдæр адтæнцæ. Хестæрти хъиамæттæ уингæй, етæ дæр сæ кари æнзтæмæ гæсгæ берæ тагъддæр рабайлæгъ уиуонцæ, цанæбæрæг адтæнцæ сæ хъауритæ, уæддæр хестæрти кустити се 'мрæнгъæ архайдтонцæ, сæ агъази хай хастонцæ.

Æма уæд уони хъиамæт нимад куд гъæуама нæ цæуа, нæ Цитгин Уæлахез цæмæй ралæудтайдæ, уой сæрбæлтау еугурадæмон хъазауати уони æвæрæн дæр ке ес, е?!. Кæдæй æма кæдæй ардæмæ цæуй дзубанди, цæмæй тугъди сувæллæнтти хъиамæттæн дæр еуцæйбæрцæдæр нимаддзийнадæ æнхæстгонд цæуа паддзахади 'рдигæй. Кæддæр сауæнгæ Паддзахадон Думи райгъустæй хъæппæрес, цæмæй ист æрцæуа закъон «О детях войны». Фал си неци рауадæй, еци, баруагæс уи уæд, æнæмæнгæ 'нхæсткæнуйнаг гъуддаги нихмæлæугутæ фулдæр адтæнцæ, аккаг аргъгонд ин не 'рцудæй. Æ нихмæлæугутæ цæйбæрцæбæл тæрегъæд æрхастонцæ, уой лæдæрунгъон нæ 'нцæ, уомæн æма тугъдон сабийти хузæн нæ фæгъгъезæмарæ кодтонцæ æма нæ кæнунцæ, абони дæр етæ хъал цард кæнунцæ.

Мæнæн тухуаст зин фæууй, уæди рæстæгути хабæрттæ мæ зæрдæбæл ку 'рбалæуунцæ, уæд. Ци тугъди рæстæги, ци ба уой фæсте уæззау уавæрти адтан: æстонг, берæ цæмæйдæрти гъæуагæ адтæнцæ ме скъолай, ме студентон ахури æнзтæ. Тугъд ку райдæдта, уæд нæ гъæуæй знаги нихмæ тохмæ рандæй 800 адæймаги, уонæй аст ба адтæнцæ кизгуттæ. Еци бæгъатæр адæмæн сæ фулдæри æмбес фæммард æнцæ нæ хъазар бæсти сæрбæлтау. Нур дæр ма мæ зæрдæ уæззау ристæй исрезуй, уæд ци берæ седзæртæ æма седзæргæстæ иссæй нæ гъæуи, уой æримисгæй.

Гъуди ма кæнун, немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ куд æрбампурстонцæ нæ гъæумæ, уой. Аллихузон хуæдтолгити, танкти, дзармадзанти хæццæ. Куддæр фæззиндтæнцæ, уотæ гъæуи цæргути сæ хæдзæрттæй гъæунгæмæ тæрун байдæдтонцæ. Æма нин ци гæнæн адтæй, нæхе римахстан, нæ дзæхæрати ци уæрмитæ искъахтан, уоми, пъадвæлтти.

Æримисун, гъæдæмæ уазал зумæги куд лигъдан, гъæди ба цардан уосонги, фал си арт кæнун не 'нгъизтæй, иссугъдайдæ. Уосонгæй идарддæр рандзариуонцæ нæ мадтæлтæ æма нæхе батавийанæ.

Айдагъ уазал æма æдонуг нæ адтан, фал æстонг дæр адтан, хуæруйнаг нæ фагæ кодта.

Еухатт нæ мадæ Уархан нæ синхон Абисали хæццæ 'рцудæнцæ гъæумæ – нæ хæдзарæмæ, кæд си ести хуæруйнагбæл фæххуæст уийанæ, зæгъгæ. Фал кæркдонæмæ ку бацудæнцæ, уæд сæмæ немуцæгтæ рагæпп кодтонцæ хæдзарæй. Ралигъдæнцæ Абисал æма Уархан æнæ нецæмæй.

Гъæди дæр æдас кæми адтан, еу рæстæги нæ сæрмæ тæхунтæ байдæдтонцæ немуцаг хуæдтæхгутæ. Гъæди ци партизантæ адтæй, етæ нин балæдæрун кодтонцæ, рæхги си тугъдтитæ ке 'рцæудзæнæй, уой, æма нин загътонцæ, цæмæй бал рандæ уæн гъæумæ. Ци гæнæн ма нин адтæй. Фæстæмæ æрæздахтан нæ хæдзæрттæмæ.

Гъæу идзаг адтæй немуцæгтæ æма румынæгтæй. Мах нæхе римахстан ку пъадвæлтти, ку уæрмити. Еухатт акъоппи бадтан, уотемæй нæмæ еу немуцаг æрбакастæй æма нæ фендæбилæ кодта.

Уой фæсте ба исфæндæ кодтан Секермæ фæлледзун.

Гъæуккæгтæй беретæ лигъдæнцæ уордæмæ, фал е дæр уоййасæбæл æнцонгæнæн гъуддаг нæ адтæй, ледзун нæ гъудæй немуцæгтæ æма румынæгти 'хсæнти.

Бахъæрттан Чиколай гъæуи бунмæ, багъудæй нæ знаги размæцуд бауорамуни туххæй уоми ци къанау искъахтонцæ, уой сæрти бахезун: туххæйти си бунмæ ниххизтан, уæлæмæ дæр си цидæр амæлттæй исхизтан æма идарддæр цудан Ирæфи 'рдæмæ. Бахъæрттан Ирæфи рахес фарсмæ, уоми адтæй æртæ устур дори æма нæ нæ мадæ исбадун кодта уони астæу. Секермæ Ирæфи сæрти ци хед адтæй, уой немуцæгтæ фехалдтонцæ, цæмæй ибæл нæхе æфсæддонтæн цæуæн нæ адтайдæ.

Секери нæ бахъæртун гъудæй Найфонти Китабæт æма Найфонти Уацийрæтмæ. Фал еци æзнæт цæугæдони сæрти фæддонуордæг зин адтæй. Кæмæй зæгъун, уонæн се 'фсийнæ хундтæй Дигорхан (Гæтцион, адтæй мæ мадæн æ мади хуæрæ). Нæ зонун, кутемæй базудта не 'рбацуди хабар, фал уой ба гъуди кæнун, æма нæмæ Дигорхан рацудæй, ислæудтæй цæугæдони иннæ фарс, уотемæй балæдæрун кодта мæ мадæн, цæмæй æрбанакæ кæна дони сæрти. Уархан æ къахидарæс раласта æма нæ не 'ртей дæр куддæртæй бахаста Ирæфи сæрти...

Уотемæй æрфусун кодтан Найфонтæмæ. Уонæмæ дæр цардан сæ пъадвали, нæ сæрмæ хæдзари ба – немуцæгтæ. Гæтцион нин тæвдæ плитабæл цæкутæ ракæнидæ, картофæй геркъитæ. Уæдмæ нæмæ хабар æрбайгъустæй: нæ гъæу немуцæй уæгъдæгонд æрцудæй. Æма исфæндæ кодтан нæ хæдзарæмæ цæун. Ранæхстæр ан... Чиколай сæрмæ Хъуроси хеди фалдзос нæ гъæумæ ци над цудæй, уобæлти куд цудан, уотемæй фæууидтан нæ рахесфарси будури берæ мæрдтæ, нæхе æфсæддонтæ. Æвæдзи, уони уингæй мæ мади зæрдæ хъæбæр исхъурмæ 'й, гъарæнгæнгæ цудæй. Надбæл нæбæл фембалдæнцæ нæхе æфсæддонтæ, цудæнцæ æртæ рæнгъемæй, кæрæдзей фæсте мæтъæлæй, фæлладхузæй. Еу си æ дзиппæй фелваста сæкæри къæртт æма мин æй мæ къохи фæссагъта.

Æрбахъæрттан нæ гъæумæ. Хæдзæрттæ ихæлдтитæ, гъæунгти æфсæддонти мæрдтæ, фонси мæрдтæ... Мах хæдзарæн дæр гъæунгæрдæмæ ци фарс адтæй, е пурхгонд æрцудæй, дзаумауæй си нецибал адтæй, еунæг æфсæйнаг хуссæн ма си адтæй, е дæр æнæ гобанæй, æнæ гъæццолæй... Цæрунмæ си нæ бæзтæй. Не 'рвадтæлти лæг Малити Дзега нæ фæххудта сæхемæ æма бал уонæмæ цардан.

Гъе уæхæн мæгур бæнттæ искодта седзæргæс уоститæбæл: нæ сог нæ адтæй, нæ рохс, фætæген, сапойнæ, цæнхæ, уогæ согæн цидæр амæлттæ кодтонцæ, хастонцæ сæ рагъи, синхи биццеутæ еумæ цудæнцæ гъæдæмæ.




Къарæ ист æй социалон хизæгтæй

Адæм цудæнцæ косунмæ колхози будуртæмæ, белтæй къахтонцæ хумгæндтæ, уæдта си аразтонцæ картоф, нартихуар. Мадта æхсæдунмæ дæр нæ нæ мадтæлтæ фæххониуонцæ, æхсастан, кæд нæ бон нæ адтæй, уæддæр. Уотæ тиллæгæфснайæнти рæстæг дæр... Мæнæуæ карстонцæ æхсирфтæй, инайæ ба 'й кодтонцæ молотилкæй, æхсæвæ кодтонцæ еци куст. Бонæй тæвдæ рæстæги 15-16-анздзуд биццеутæ ба тиллæг Æрæдонмæ ластонцæ галтæбæл, талингæй исхъæртиуонцæ сæ къимбус дзабурти, сæ дивилдун хъæппæлти, паддзахадæн лæвардтонцæ сæ ихæс.

Фæскомцæдесонтæ ба æхсæвеуатæй Сурхмæ, Хъæзлармæ хуасæ кæрдунмæ цудæнцæ.

Тиллæгæрзад 1946 анзи хъæбæр ниллæг ке рауадæй, уой фудæй нæбæл искодта æстонг анз. Хуæруйнаг цæмæй искодтайуонцæ, е нæ адтæй. Нæ синхи кизгутти хæццæ цудан будурмæ, тудтан пуруса, цъæхуæла, фотæг, цъеудзæхæра. Уони ку исамал кæнийанæ, уæд нæ мадтæлтæ бацийнæ кæниуонцæ æма нин си искæниуонцæ касæ, бардæ ибæл никкæниуонцæ, æма 'й уотемæй хуардтан. Нæ мадæ сæумæй кустмæ ку цæуидæ, уæд æй бафæрсинæ, изæрæй кæбæлти 'рбацæуйдзæнæй, уобæл. Изæрæй ба ин æ размæ рацæуинæ æма æ ронæй мин къæбæр февæридæ – уой фæсте æй ниттергади кодтон, уоми 'й мæнæн ке бафснайидæ, уой.

Æхсæвæ нæ мадæ æнæхуссæг фæууидæ, кустмæ ку рандæ уон, уæд бонæй мæ сувæллæнттæ ци бахуæрдзæнæнцæ, зæгъæ, сагъæстæй. Æма уæд æргъуди кодта: мæ хæццæ сæ фæххондзæнæн будурмæ къæпети хæццæ, æма син хуæруйнаггæнæг бахуæрун кæндзæнæй рæфтад. Изæрæй ба æрæздæхиуонцæ кæрдæгути хæццæ, искæниуонцæ си дзæхæрай фунх барди хæццæ. Дессаг ба е адтæй, æма нæ колхози дзæхæратæмæ, хуæруйнаг ести исамал кæнунæн нæ уагътонцæ цæун.

Етæ уин мæ хабæрттæ. Скъолай дæр ахур кодтан уазал къласти, къæрæзгитæбæл æвгитæ нæ адтæй, сог нæ адтæй æма си арт нæ кодтонцæ, уарун бони нихъхъæртийанæ нæ къимбус дзабурти, нæ цъифæ хъæппæлти. Нæ нин адтæй ахургæнæн дзаумæуттæ дæр: гæгъæди, ручкæ, къариндас, киунугутæ.

Кæд мæхе койтæ кæнун, уæддæр мæ зæгъуйнæгтæ ба 'нцæ уæди рæстæгути еугур сувæллæнтти туххæй – етæ еугурæйдæр адтæнцæ уæхæн уавæрти. Æнцон цæрдтитæ нæ фæууидтан. Уой ка лæдæруй æма тугъдон сувæллæнтти сæрбæл, ести хуарздзийнадæ син фæууæн, зæгъæ, ка дзоруй, уонæй ба Устур Хуцау исарази уæд. Æма нæ зæрдæ дардзинан, кæдимайди ба сæ арфиаг фæндæ фæррæстмæ уидæ.

Кæронбæттæни ба ма зæгъуйнаг дæн уой: дуйне сабур уæд æма макæдбал æрцæуæд макæци тугъд!.. Украини фудæй абони ци тугъд цæуй, е дæр куд банцайа, æма нæ тугъдонтæ сæрæгасæй сæ хæдзæрттæбæл куд исæмбæлонцæ!.. Нæ сæрмæ арв рохс куд уа алкæддæр!..

## ФÆСДЗУРД

## ХУÆРЗГÆНÆГИ БАФÆНЗУН ДÆР ÆФСАПÆ ÆЙ!..

Дзабайти-Малити Фузи радзубанди кæд комкоммæ æхе æма е 'мгæртти сабийдоги уавæрти туххæй æй, уæддæр еумæйагæй ин ес, зæгъун æнгъезуй, еугур уæрæсеуон ахедундзийнадæ. Кæдæй æма кæдæй ардæмæ цæуй дзубанди Устур Фидибæстон тугъди рæстæги æверхъаудзийнæдтæй æфхуæрд ци кæстæртæ æрцудæнцæ, уæддæр еуцæйбæрцæдæр хузæнон сабийдогæ кæмæн нæ фæцæй æма абони «тугъди сувæллæнттæ», зæгъгæ, ке хонæн, етæ паддзахади 'рдигæй цæмæй рæвдуд цæуонцæ. Уой фæдбæл сæрмагонд закъон цал æма цал хатти хаст æрцудæй Паддзахадон Думæмæ, фал æй уоми бадæг «адæмон минæвæрттæй» сæ фулдæр райеуварс кæнунцæ. Уомæн, дан, æхцатæ паддзахадон бюджети нæ фагæ кæнуй, зæгъгæ, рæуонæй. Æма сæхецæн сæ мизд фулдæрæй-фулдæр кæнунæн, аллихузон алæмæти феддонтæй сæхе рæвдаунæн син ку фагæ кæнуй!..

Иннемæй ба, еци «тугъдон сувæллæнттæй» ма сæрæгасæй ка байзадæй, етæ цанæбæрæг берæ 'нцæ æма уони барæвдаунæн цанæбæрæг берæ æхцатæ гъæуй?..

«Тугъди сувæллæнттæ»-бæл нимад цæунцæ 1928 анзи 22 июнæй ба 1945 анзи 9 сентябри уæнгæ ка райгурдæй, уæдта Устур Фидибæстон тугъди рæстæг ССР Цæдеси ка цардæй, еци адæм. Етæ тугъди рæстæги хестæрти æмвæрстæ æнхæст кодтонцæ уæззауæй-уæззаудæр куститæ. Зæгъæн, хуæрзсабийтæ уогæй, заводтæ æма фабрикити станоктæмæ хъæртгæ дæр нæ кодтонцæ, уотемæй асиккитæ сæ къæхти бунмæ байвæргæй, фæнди уарун бон, уазал кенæ бурдæн уа, уæддæр арви бунмæ игон азгъунстити сæ листæг æнгулдзитæй æнхæст кодтонцæ уæди сæйрагдæр ихæс: «Алци дæр фронтæн, алци дæр Уæлахезæн!..».

Бæгъæнæг, бæгъæнбадæй, стонгæй мæлгæй, хусгæ дæр кодтонцæ станокти рази, цæмæй сæ хæдзæрттæмæ цæунбæл уæлдай рæстæг ма харз кодтайуонцæ. Æма фæсхуст бабæй нæуæгæй станокти сæргъи æрлæууиуонцæ.

Уотæ гъæуккаг кæстæртæ дæр: фæнди хорбон кенæ уарун бон, уазал кенæ бурдæн, уæддæр сæ куст кодтонцæ. Етæ, сабийдогæ цæмæй гъæуама райдзаст уа, уомæй æгириддæр хайгин нæ фæцæнцæ. Æгæр раги ниссæйгитæ 'нцæ, æгæр раги фæккаргунхуз æнцæ... Цæйбæрцæ ба си бацудæй хуæрзæригонæй мæрдтæмæ...

Сæ фулдæремæн син тугъд байста сæ фидтæлти – етæ сæхебæл некæд байаурстонцæ, сæ цард нæ бавгъау кодтонцæ нæ Фидибæсти фæууæлахези сæрбæлтау. Етæ сæ зæрдæ дардтонцæ, сæ фæсмæрдæ сæ кæстæрти мæтæ нæ бæстæ ке бакæндзæнæй, уобæл. Уæдæй нурмæ рацудæй дæсгай æнзтæ. Æма?.. Уæди сувæллæнттæй ма сæрæгас ка 'й, етæ каргун æнцæ. Беретæ си кустгъон нæбал æнцæ, сæ пенсий къапеккитæ ба цанæбæрæги фагæ 'нцæ, айдагъ хуастæ балхæнунгъон дæр си беретæ нæ 'нцæ. Уотемæй «тугъди сувæллæнттæ» æхсæнадæн уæлдай уæзæн иссæнцæ. Дзурдæн, ци Германибæл фæууæлахез ан, уоми «тугъди сувæллæнттæн» дзæвгарæ фулдæр фадуæттæ ес цæрунæн. Махмæ ба, дзиллон хабархæссæг фæрæзнити куд финсунцæ, уотемæй «тугъдон сувæллæнттæй» миллион адæймагемæй фулдæр æгириддæр неци агъаз есунцæ.

Кæд æма Паддзахадон Думæ ниффæрскъæ 'й, æма «тугъди сувæллæнтти» туххæй закъон рагæлдзæ-багæлдзæ кæнуй, уæддæр регионтæй ба кæмидæрти сæхемæ еци ихæс райстонцæ, еци цардæфхуæрд адæмæн агъаз кæнуни ихæс. Нуртæккæ, зæгъæн, Якути æма Удмуртий «тугъди сувæллæнттæн» фист цæуй фæйнæ 1000 соми, Вологоди облæсти – 750 соми, Амури облæсти – 720 соми, Ленингради облæсти – 524 соми... Цума уони бафæнзуни фæндæ ба кæд фæззиндзæнæй? Афонæ 'й, афонæ!.. Хуæрзгæнæги бафæнзун дæр æфсапæ 'й!..

## ПО ПОВОДУ

### НЕ ЗАБУДЬ СВОИХ ДЕТЕЙ, СТРАНА

Снег забывает, что он снег,
Когда на нем от крови пятна
Снег забывает, что он снег,
Когда потери безвозвратны.

Ребенок может на войне
Забыть о том,
Что он ребенок.
Но не забудут и во сне
Отец и мать
Его глазенок.

Не забудь своих детей, страна,
Стала детским садом им война.
Посреди летающих смертей
Можно все забыть,
Но не детей!

Забудет подо льдом вода,
Когда она была в заливе.
Но не забудет никогда
Россия,
что она – Россия.

Пускай забудут города,
Как их бомбили
Но лишь бы люди никогда,
Что они ЛЮДИ,
Не забыли!

Не забудь своих детей, страна,
Стала детским садом им война.
Посреди летающих смертей
Можно все забыть,
Но не детей!

*Евгений ЕВТУШЕНКО*

## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»



ДОБАЙТИ Геуæрги Харитони фурт (1910-1943)



КЪОМЕХТИ Мусай фурт Азраил (1905-1977)



МАХЪОТИ Сосланбеги фурт Константин (1926-1979)



МÆРЗОЙТИ Хадзий фурт Агубе (1917-1997)

*Валентин РАСПУТИН (1937-2015), финсæг: «Мах еудадзуг дзорæн культури туххæй. Ци уавæри æй е нуриккон Уæрæсей? Кæддæр бакастæн Тихон Хренникови зæгъуйнæгтæ, загъта сæ æ рамæлæтæй минкъий раздæр: «Културæ нæййес – уæд паддзахадæ дæр нæййес. Културæ ес – уæд паддзахадæ дæр ес...» Хъæбæр раст загъта...*



ТАМАТИ Таймураз Задæлески музейи рази.

# ФАРНÆХÆССÆГ

*Нæ республики зундгонддæр адæймæгутæй еу æй Тамати Азийхани фурт Таймураз. Хуæрзæрæги ибæл исæнхæст æй финддæс æма æртинсæй анзи. Æцæгæй дæр æ райгурæн бæстæ еузæрдиуон уарзтæй ка уарзуй, е исонибон цæмæй рæсугъддæр уа, нæ фидтæлти уедæгтæ ба евгъуйгæ рæстæгути талингити иронхуатмæ ма рандæ уонцæ, уобæл удуæлдайæй ка архайуй, еци æстæн лæгтæй еу æй Тамай-фурт.*

*Таймураз ци устур байвæрæн хæссуй нæ национ култури хæзнадзийнадæ багъæуай кæнуни æма æ идарддæри ирæзтади гъуддагмæ, уомæн зинтæй ес аккагæй исаргъæнæн. Тамай-фурт Мæцути астæуккаг скъола-интернат каст фæуугæй, ахур кæнунмæ бацудæй Хунæхон гъæуунхæдзарадон институтмæ. Ами ахури дæр æма æхсæнадон гъуддæгути архайди дæр адтæй нимад раззагдæрти хæццæ. Фæстæдæр багъæуай кодта диссертаци æма иссæй техникон наукити кандидат. Уæдæй фæстæмæ ба æ цард æма æ кустадон архайд баст æй аци уæлдæр ахургæнæндони (нур хуæнхон паддзахадон университет хуннуй) институти студентти хæццæ. Æхуæдæг ке æргъуди кодта, уæхæн нæуæгдзийнæдти тухххæй имæ ес цалдæр патентон æвдесæндари.*

*Таймураз айдагъ наукон куст нæ кæнуй, фал ма устур æхсæнадон архайд дæр. Æвзурст æрцудæй Малити Геуæргий номбæл æхсæнади сæрдарæй æма æвæлмæцгæй хъиамæт кæнуй нæ маддæлон æвзаг адæми, уæдта скъоладзаути ’хсæн парахат кæнуни гъуддагбæл.*

*Устур куст бакодта «Задæлески Нанай» ковæндонæ фæстæмæ исаразун æма исаййев кæнунбæл. Таймурази фæрци, абони аци ковæндонæ фæууинунмæ алли анз дæр цæуннæ мингай туристтæ. Ковæндонæ нæ адæми недзамайнаг хæдзарон дзаумæуттæй ефтонггонд ке ’рцудæй, уоми дæр ес Тамай-фурти устур байвæрæн. Дигоргоми алæмæттаг æрдзæ, ковæндæнттæ, гъæуæттæ равдесунæн ист ци кинонивтæ ’рцудæй, уонæн дæр Таймураз уидæ сæ консультант.*

*Устур куст бакодта Тамай-фурт Иристони кæмтти топонимикон рауæнтæй ка кæми æй, уони атлæстæ, къартæ æма хузти хæццæ исаразунбæл дæр. Берæ дзорæн ес Таймурази хуарздзийнæдтæбæл, фал ма имæ ес еума ацъагъуæ дæр. Рагæй даруй æ гъос аййевадон литературæмæ. Бантæстæй ин цалдæр киунуги мухури рауадзун. Фулдæр ин æнтæсуй радзурдти жанри косун. Абони уин си уæ размæ хæссæн цалдæр.*

*Таймуразæн ба зæрдибунæй арфæ кæнæн æ бæрæгбони тухххæй. Дæ къохи нæуæг æнтæститæ æфтуйæд!*




## ФÆД-ФÆДИ ДУУÆ ЗИАНЕМИ ТÆФИРФÆС

Цалдæр анзей размæ Дигорай не ’рваддæлтæй еу лæг рамардæй. Æ ивæрæн бони, горæтæй зианмæ цæуæг адæн, Æрхонки æздæхæнмæ æрæмбурд æнцæ. Автобус нæхстæр кæнунмæ ку гъавта, уæд нæхе Ларæ шофермæ дзоруй:

– Минкъий ма багæдзæ кæнетæ. Дзирæт дæр цæуйнаг адтæй. Телефонæй мæнмæ дзурдта æма кæд фæззиннидæ.

Еу-дæс минуттемæ хæстæг Дзирæтмæ ку бангъæлмæ кастан, уæд Дзирæти æнсувæр шофермæ дзоруй:

– Гъенур æй кæдмæ хездзинан? Еунæгей тухххæй автобуси дзаг адæн гъæуама байрæгæмæ кæнонцæ? Гъæйдæ рахуæцæ... Автобус рараст æй æма афойнадбæл Дигорамæ нихъхъæрттæй. Цалинмæ мæрддзогойни адæн ратæфирфæс кæнунмæ хестæргæй рæнгъитæ æнхæст кодтонцæ, уæдмæ базудтонцæ, гъæунгæн æ иннæ фарс дæр зиан ке ес, уой.

Мах адæн ку ратæфирфæс кодтонцæ, уæд си беретæ тургъæй гъæунгæмæ рацудæнцæ. Уони хæццæ адтæй Ларæ дæр. Лари зæрдæ Дзирæтмæ дзурдта – ци бацæй, зæгъгæ, уæдта Дзирæт бостæгæнагæ ’й, æма ибæл æ зæрдæ ку фæххода, уомæй дæр тарстæй.

Дзирæти хабар ба уотæ рауадæй. Æрхонки æздæхæнмæ ку æрхъæрттæй, уæд Дигорамæ (иннæ зианмæ) ци автобус нæхстæр кодта, уоми рабадтæй. Автобусæй ку рахизтæй æма нади рæбунтæ хеуонти лæугæ ку фæййидта, уæд æнæгурусхæй, æнæзонгæ адæни хæццæ кедæр зианмæ бараст æй. Еци рæстæг æй Ларæ рауидта æма æ фæдбæл еци тургъæмæ фæррастæй. Лари зæрди адтæй Дзирæти раздахун, фал уæдмæ Дзирæт марди сæргъи балæудтæй æма гъæрæй кæуун байдæдта. Кири рази лæууæг уститæ ба кæрæдзей дæр дестæгæнгæ фарстонцæ, айæ, дан, ин ка ’й, ци хъæбæр ибæл хъонц кæнуй, зæгъгæ. Дзирæт æ кæунæй ку æрæнцадæй æма мардбæл æ къох байвæрунмæ ку гъавта, уæд куддæр фæкъкъæх æй. Фæкъкъæх æй, кири æ зонгæ æрвади бæсти æнæзонгæ силгоймаги ку фæууидта, уæд... Фал ибæл уæддæр æ къох ба байвардта.

Уой фæсте Дзирæт кирæй æхе идарддæр ласун райдæдта, Ларæ ба æхе Дзирæтмæ хæстæгдæр. Кæрæдзебæл ку исæмбалдæнцæ, уæд Ларæ Дзирæтæн балæдæрун кодта, нæхе зианмæ дæр æй бацæун ке гъæуй, уой. Дзирæт æхемæ ку ’рцудæй, уæд Лари хæццæ, кумæ ин цæугæ адтæй, еци зианмæ бацудæй. Уобæл дæр фагæ фæккудтæй, фал фиццаги хузæн ба нæбал. Тæфирфæси фæсте Ларæ Дзирæтæн уотæ:

– Нæ дæ балæдæрдтæн. Уотæ мæмæ фæккастæй, цума кедæр зианбæл дæ зæрдæ хъæбæрдæр фæрристæй.

Дзирæт ба Ларæн уотæ:

– Дæ бонæн уай. Фæд-фæди дууæ зианеми ку фæккæуай, уæд мæ хъæбæр дзæбæх балæдæрдзæнæ.

## ИТАЛИАГ ДЗАБУРТÆ

Ме ’мбали хæццæ Дзæуæгигъæуи Уæлахези фæзи æрлæууæни лæудтан. Адæн нæ рæзти дуурдæмитæ кодтонцæ. Кадæртæ ба си, мах хузæн, æрлæууæни лæудтæнцæ. Еу дзамани мæмæ ме ’мбал дзоруй:

– Дæлæ еци дууæ кизгемæ кæсай!..

Æ цæстингасæй мин сæ райамудта. Сæ дууæ дæр хуæрзарæзт адтæнцæ, фал æ дзигкобид даргъ кæмæн æй, уомæн ба æ къæхтæбæл рауидтон медхæдзари дарæн дзабуртæ. Æвæдзи си сæ баййевун ферохæй.

И кизги къахидарæсмæ лæмбунæг ку æркастæн, уæд æй æрæстæфтæн – кизги къæхтæбæл хумæтæги медхæдзарон къахидарæс нæ адтæй, фал рагон дигорон тунин дзабуртæ. Дзабуртæ адтæнцæ цилле хæлттæй рæсугъд туд. Адтæй сæбæл федæгтæ дæр æма салин къелонтæ дæр. Сæ уæлфæдтæ ба – алдæнбидт. Сæ уæфстæ нæ зиндтæнцæ æма нæ зонун – галдзарми æркъийагæй адтæнцæ æви æндæр естæмæй, уой. Мæхенимæр уотæ рагъуди кодтон – и кизгæ, зæгъун, кæд кафгути къуари хæццæ фæсарæнти фæууй, æма æ дарæс дæр æвдесуй, уæдта ма си сæндтадæ дæр кæнуй. Æхцæуæн мин адтæй, æгайтима нæ Иристони силгоймæгтæй ма кадæртæ дзабуртæ хуйуни дæснийадæ зонуй. Раст зæгъгæй, и дзабуртæ кæд хъæбæр рæсугъд худ адтæнцæ, уæддæр сæмæ еу гъæндзийнадæ ба бафеппайдтон. Силгоймаги дзабуртæн сæ уæлфæдтæбæл, рæсугъди тухххæй, худтонцæ мулийнæ хæлттæй æмбурдгонд гоцоратæ. Нæлгоймæгти дзабуртæбæл ба гоцоратæ нæ худтонцæ. Аци кизги дзабуртæбæл дæр нæ адтæй гоцоратæ худ. Уотæ рагъуди кодтон – дзабуртæ бахуйæг силгоймагæй феронх æй дзабурти рæсугъддзийнадæ æвдесæг гоцоратæ бахуйун, кенæ ба æй нæ зонуй. Гъе, уомæ гæсгæ, мæхе нæбал бауорæдтон æма и æнæзонгæ кизгæн уотæ:

– Дæ дзабуртæ алæмæти рæсугъд æнцæ, уæдта дæбæл дзæбæх федаунцæ. Ка дин сæ бахудта, еци дзæбæх уосæн ба уотæ зæгъæ – сæ уæлфæдти сæрмæ сæбæл рæсугъд, мулийнæ хæлттæй гоцоратæ бахуйæд, е ба æцæг рагон рæсугъд кизги дзабурти хузæн уонцæ.

Дзабурти хецау мæмæ æнæнвæрсон каст æрбакодта æма мин уотæ:

– Циуавæр уоси кой кæнис? Обижаеш. Аци дзабуртæ, лично мæхуæдæг, Италий фирменный тукани ку балхæдтон, уæд!





## «ÆНАХУР ИЗÆДÆН» ÆРТÆ КЪЕРЕЙ

Изæрдалингти мæ архъангонд бæхи бунат раййевун багъудæй. Бæх архъангонд ба адтæй Къумбулти Хуцаузæнги ковæндонæмæ хæстæг. Нæуæг хезни æй ку ниййархъан кодтон, уæд нæхемæ ковæндони рæзти къахнадбæл рацудтæн. Къахнадбæл синдзитæ æма дортæ ке нæ адтæй, уомæ гæсгæ ибæл мæ къохтæбæл æрцудтæн. Гъæумæ ку æрхъæрттæн, уæд мæ къохтæбæл цуд къæхтæбæл цудæй раййивтон. Фæйнердæмæ ку ракæститæ кодтон, уæд мæсуги рази Даукуйи сæхемæ цæугæ фæууидтон. Дуггаг бон мæмæ нæхе Мишæ, нихæси бадæг, лæгти размæ фæдздзурдта, æма мæ уотæ бафарста:

– Æзинæ, изæрæй бабæй дæ къохтæбæл ци рауæн цудтæ?

Кæд мин хестæртæ арæх дзурдтонцæ, сæрмесиндзæгмæ ма цо, дæ ахсæн дæ хъури рабаддзæнæй, зæгъгæ, уæддæр хестæри сайун нæ бандиудтон æма ин загътон, мæ къохтæбæл кæми цудтæн, уой.

Мишæ гъæрæй нихххудтæй æма нихæси лæгтæмæ дзоруй:

– Нæ уин загътон, æз еци «изæди хаййи» зонун, зæгъгæ.

Уой фæсте куд рабæрæг æй, уотемæй Даукуй сæ гъог агорунмæ рацудæй. Ковæндони æрдæмæ цæугæй уой рази æнахур æндарг (къохтæбæл цæуæг) ку рауидта, уæд гъог агорун фæуугъта æма сæхемæ фæлледзæги æй. Хæдзари хестæртæн ба уотæ:

– Ковæндони рази цидæр фæййидтон. Минкъий лæги хузæн мæмæ фæккастæй, æцæг ибæл цума сæр на ’дтæй. Æ

*Æнæ культурæй ци хузи гъомбæлгæнæн ес иразгæ фæлтæри? Циуавæр культурæбæл дзорæн гъæуама, кæд æма, зæгъæн, Нæуæг анзи телеуинунадæй амæй-айæ илгъагдæр зартæ игъосæн? Уой хæццæ ба уавæр анзæй-анзмæ цауддæрмæ цæуй. Æма еци æнæхъола миутæ бауорамун неке бон æй...»*



къохтæ дæр мæмæ тилдта (къохтæбæл цæугæй къæхтæ зæболæ фæккæнунцæ), рацо, зæгъгæ, фал имæ цæмæдæр гæсгæ нæ бандиудтон. Нæ гъог агорун дæр ми феронх æй.

Хæдзари бийнонтæ æнахур изæдæн æртæ къерей ракодтонцæ æма ин сæ æртикъахуг фингæбæл искувтонцæ… Ка 'й зонуй, æвæдзи, аци «æнахур изæди» хабар нихæси лæгти унаффæмæ гæсгæ Даукуййи хестæртæй басосæг кодтонцæ.



## ЦЪÆХ ХÆРÆГ ДЗУРДТАГ КУД ИССÆЙ...

Евгъуд æноси æртинсæймаг æнзти, Хрущев ма Советон Цæдеси сæргълæууæг ку адтæй, уæд е 'рух рахатта нартихуари кустмæ. Гъæууон хæдзаради косгутæй домдта, цæмæй хъазауатондæрæй архайуонцæ нартихуари æрзадбæл бæрзондæй-бæрзонддæр кæнунбæл. Партий райкомти æма обкомти косгутæн ба байихæс кодта, цæмæй зæнхкосæг адæнæн балæдæрун кæнонцæ, нартихуари берæ æрзад син сæ исони цард ке фæххуæздæр кæндзæнæй. Аци куст ка къулумпитæ кæна, етæ ба æфхуæрд куд æййафонцæ.

Куд æнæгъæнæ Советон Цæдеси, уотæ нæ республики районти хецауæдтæ дæр Хрущеви фæдзæхститæ æнхæст кæнунбæл еци æновудæй архайун байдæдтонцæ. Æнæмæнгæ исаразуйнаг гъуддæгути фæдбæл ци унаффитæ рахастонцæ, уонæй еу адтæй нартихуари æрзади исирæзт ка къулумпи кæнуй æма ин æзнаггадæ ка хæссуй, уобæл нимад æрцудæй хæрæг. Хæргути нихмæ куст рапарахат æй. Сæ фесафуни фæндитæ дæр адтæй. Райкомтæй къамистæ æрвистонцæ гъæутæмæ. Уæхæн къамис æрвист æрцудæй Донифарси зилди гъæутæмæ дæр. Къамиси адтæй Тамати Хаджи-Морат дæр. Е раздæр Къумбулти цардæй æма Донифарси зилди цæрæг адæни хуарз зудта.

Къамиси иуонгтæ фиццаг фембалдæнцæ гъæусовети косгути хæццæ. Загътонцæ син, цæмæй æртæ гъæуеми цæрæг адæни исон клубмæ æрæмбурд кæнонцæ. Уой фæсте къамиси иуонгтæ æхсæвеуат кæнунмæ Къумбултæмæ иссудæнцæ. Хаджи-Морат нæ фидæ Азийхани æнсувæр адтæй, æма къамиси иуонгтæ еугурæй дæр махмæ æрфусун кодтонцæ. Иуазгутæн, æгъдаумæ гæсгæ куд федудтайдæ, уотæ косарт дæр ракодтан. Цалинмæ фид фунхтæй, уæдмæ не 'уазгути æрфæндадтæй гъæуи хестæртæй еске хæццæ бадзубанди кæнун, цæмæй син æмбурди сæ фарс радзора. Хаджи-Морати фæндадтæй Хъазиййи фæууинун. Е, дан, нин ку исарази уа æма æмбурди ку радзора, уæд нæ гъуддаг фæррæстмæ уодзæнæй, нæ размæ æвæрд ихæс ба исæнхæст кæндзинан. Азийхан Хаджи-Моратмæ байгъуста, уæдта ин уотæ:

– Хъазий уин ку не 'сарази уа, уомæй тæссаг æй. Куройнæмæ дæр, хуаси кустмæ дæр, согмæ дæр цæунæн æ хайуанæй пайда кæнуй. Уотæ фæззæгъуй, мæ галеу къох, – Хъазий галеуæг адтæй – æма мæ хæрæг мæ бийнонтæ дарæг æнцæ, зæгъгæ. Цæугæ ба имæ фæккæнетæ, балигъстæ ин кæнетæ.

Иуазгутæ Хъазиййи ку бабæрæг кодтонцæ, уæд еу сахатти фæсте нæхемæ æрбацудæнцæ æма Азийханæн уотæ загътонцæ:

– Хъазиййи фæууидтан, балæдæрун ин кодтан не 'рбацуди сæр æма нæ курдиадæ. Лæмбунæг нæмæ ку байгъуста, уæд нин зæрдæ байвардта, æмбурди ести ке зæгъдзæнæй… Нур ба, бафунæй кæнуни размæ, нæ бон æй фæйнæ арахъи баниуазун дæр...

Дуггаг бон адæн клубмæ æрæмбурд æнцæ. Гъæусовети сæрдар, иуазгути байамонгæй, равардта син дзурди барæ. Иуазгутæй сæ еу адæнæн балæдæрун кодта се 'рбацуди сæр. Лæмбунæг радзурдта, нартихуари берæ æрзад адæни цард куд фæххуæздæр кæндзæнæй, уобæл. Дуггаг иуазæг ба адæнæн уотæ:

– Кæд нæ хецауади пълæнттæ еугурей зæрдитæмæ нæ цæунцæ, уæддæр æнхæстгæнгæ 'нцæ, гæнæн нæййес. Хæрæги туххæй ба мæ сæрмагондæй ци зæгъун фæндуй? Гъуддаг уой медæгæ 'й æма нæ устур хецауадæ хæрæги нартихуари фудголдæр æзнагбæл ке банимадта, уомæ гæсгæ, æвæдзи, исафгæ æрцæудзæнæй.

Фæстагмæ иуазæг æмбурдмæ æрбацæуæг адæнæн райарфæ кодта, уæдта син уотæ:

– Нур ба нæ фæндуй, цæмæй сумахæй дæр еске нæ абони гъуддагбæл æ гъудитæ зæгъа. Хуарз уидæ, коммунистти разæй уи еске ку зæгъидæ, зæгъæн, мæнæ аци хуарз лæг, – æ къохæй Хъазиймæ байамудта.

Хъазий æ бунатæй фестадæй æма син уотæ зæгъуй:

– Нæ устур хецауади устур пълæнттæн адæн ескæд аргъ искæндзæнæнцæ. Хæрæги туххæй ба уин нур дæр мæ бон æй зæгъун, мæ хæрæгбæл нур финддæс анзи цæуй, æма будури некæдма адтæй. Над дæр имæ нæ зонуй. Æма хонхæй будурмæ и нартихуари будуртæн ци æзнаггадæ искодта, е мæбæл незæй бафтуйæд. Иннемæй ба, Хрущев цæмæй зонуй, Цъеути Хъазиймæ цъæх хæрæг ес, уой, мæнæ ин сумах – æ лæдзæгæй иуазгутæмæ райамудта – ку нæ зæгъайтæ, уæд.

Æмбурди, мæтъæлдзастæй бадт ци адæн кодта, етæ еугурæй дæр æмхузонæй ниххудтæнцæ. Иуазгутæ сæхуæдтæ дæр худтæнцæ. Гъе уотемæй, ходгæ-ходгæй, иуазгути фембæлд адæни хæццæ рахецæн æй.



## ГЪАР ÆХЦИНТÆ

Марклен, Кермен æма Алик æнгæрттæ адтæнцæ. Куд æнгæрттæ, уотæ кæрæдзебæл хъæбæр æхцул адтæнцæ. Гъазгæ дæр еумæ кæниуонцæ æма хилæ дæр. Ирæзгæ сабийтæ куд фæуунцæ, уотæ атæ дæр æзмæлагæ адтæнцæ. Хæдзари куститæ дæр кодтонцæ, уæдта сæ гъæзтитæй гъазун дæр берæ уарзтонцæ. Гъазгæй æгæр гъæр ку кæниуонцæ, уæд син хестæртæ бауайдзæф кæниуонцæ æма сæ унæр фæннидæндæр уидæ.

Уæлдай арæхдæр син уайдзæфтæ кодта Зæлекæ. Е кæд се 'ртемæн дæр тогæй хæстæг адтæй, уæддæр син алци нæ уодæнстæй. Аци сабийтæ ба, Зæлекæ си еске ку бафхуæридæ, уæд си еумæйагæй сæ «маст» райсиуонцæ. Сæ маст ба арæхдæр сабийтæ истонцæ мæнæ атæ: Зæлекæ æхснад хъæппæлтæ, сор кæнунмæ æндегæй бæттæнбæл ку ниййауиндзидæ, уæд ин сæ атæ ба ругæйдзаг фестун кæниуонцæ. Ругæ кæнунмæ ба си алкедæр æ фæсте хæмпæлти баст бабæдтидæ æма æхснад хъæппæлти рази, раледзæ-баледзæгæнгæй, ругæ исесиуонцæ. Ругæ кодтонцæ, цалинмæ сæ Зæлекæ æ цъæхснаг уесæй нæ расоридæ, уæдмæ. Еуæй-еухатт и цъæхснаг уес сабийти зæнгитæбæл дæр исæнбæлидæ.

Еу бон бабæй сабийтæ нæуæг æхснад хъæппæлтæбæл ругæ калдтонцæ, цалинмæ сæ Зæлекæ нæ фæссурдта, уæдмæ. Аци хатт си цъæхснаг есæй цæф некæбæл æруадæй.

Дуггаг бон сæумæ Зæлекæ æ фонси гъудтæ ку бакодта, уæд хорбадæни æхе хормæ тавта. Тавта, цалинмæ Марклен нæ фæззиндтæй, уæдмæ. Марклени ку рауидта, уæд æ зæрди æрбафтудæй, æзинæ æ хъæппæлтæ дуггаг æхснад ке никкодта, е, æма Маркленмæ лигъстæгæнгæй дзоруй:

– Мæ зæрдтаг! Кæми айтæ? Ацибон ци берæ хуссетæ? Нæуæг æлхъивд цихтæй уин, æ гахæ ивæзгæ кæмæн кæнуй, уæхæн æхцинтæ ракодтон æма ма цалинмæ тæвдæ 'нцæ, уæдмæ де 'мбæлттæмæ дæр фæдздзорæ æма рахуæретæ. Царв ба уин сæбæл уойбæрцæ никкодтон æма си лæпп-лæпп кæнунцæ.

Марклен аци хуарз хабар Алик æма Керменæн фегъосун кодта, æма уайтагъд Зæлекки цæлгæнæни исмедæг æнцæ. Зæлекæ сæмæ дзоруй:

– Уартæ устур стъоли уæлгъос æрбабадетæ, æз ба уин гъар æхцинтæ рахæссон.

Сабийтæ стъоли уæлгъос ку æрбадтæнцæ, уæд сæбæл Зæлекæ ба дуар медæгæй къумайæй æрæхгæдта. Къерети бæсти райста æ цъæхснаг уес æма сæ æ маст райсуни фагæ «фæххинста».

## КУЙ ДÆР МА ФÆЛЛЕДЗÆГИ ÆЙ СÆ ÆВГÆРДÆНÆЙ...

Советон паддзахадæ ку нæма фехалдæй, уæд еу сабати нæхемæ – Хæзнидонмæ ниууадтæн. Сæумæраги ку райистадтæн уæд, гъæууон хæдзари куд фæууй, уотæ цидæртæ мурхтан. Рæфтæмæ хæстæг нæ колдуари рази совхоз «Уæлахез»-и директори хуæдтолгæ æрбалæудтæй. Рахизтæй си нæхе Олег æма мин уотæ:

– Совхози хецау Ким мæ дæумæ æрæрвиста. Айразмæ хуцаубони дæр дæ агурдта, фал дæ нæбал феййафта – горæтмæ ниффардæг дæ. Нур ба мин Ким бафæдзахста, аци хатт, дан, æй æнæ исласгæ ма фæууо. Ци ди кæнуй, уой ба бæлвурд нæ зонун…

Æз Олеги фарсмæ рабадтæн æма фæннæхстæр ан. Къантори рази исæмбалдтæн Кими хæццæ. Кæрæдземæн салам ку равардтан, уæд мин уотæ:

– Не 'вгæрдæн нур дууæ къуæрей бæрцæ нæ косуй. Электрон токкæй ке цæвуй, уомæ гæсгæ 'й нихгæдтан. Совхози косгутæ æма рæвдауæндони сабийтæн ба хуæруйнаг искæнунæн фид Чиколайæй ласæн. Корун ди, æма ин ести бакæнæ, цалинмæ бæлах нæма æрцудæй, уæдмæ. Æвгæрдæни дæгъæлтæ, уартæ, æ рази ци дууæ лæги бадуй, уонæмæ æнцæ. Кæд дæ еске агъаз гъæуа, уæдта мин æй зæгъдзæнæ.



Æз æвгæрдæни размæ бацудтæн. Æ рази ци лæгтæ бадтæй, етæ мин æвгæрдæни дуар ку байгон кодтонцæ, уæд сæ бафарстон:

– Ци æрцудæй? Уе 'вгæрдæн цæмæннæ косуй?

И лæгтæй мин сæ еу уотæ:

– Æвгæрдæн дзæбæх куста. Æ фадуæттæ дæр хуарз æнцæ, фал æнæнгъæлæги си зæнхæ дæр æма тæрхæгутæ дæр электрон токкæй цæвун ке райдæдтонцæ, уомæ гæсгæ æхгæд æрцудæй. Куд цæвуй, уой ба, æвгæрдæни ка уидæ, еци куй æхебæл бавзурста. Мæхе цæститæй æй фæууидтон. Цæветтонгæ, еци куй уоййасæбæл исхеуон æй æвгæрдæни, æма си æндæмæ лæдзæгæй тæрун дæр нæбал кумдта. Æхсæвæ дæр æма бонæй дæр ами уидæ, уæдта хуæргæ дæр æма хусгæ дæр ами кæнидæ… Цалинмæ æй ток нæ райахæста, уæдмæ. Ток æй ку райахæста, уæд æ бауæр фиццаг низзир-зир кодта, æ гъунтæ ба хъел ислæудтæнцæ, уæдта æ рагъ, къæлæти хузæн, уæлæмæ истастæй æма къес-къос кæнун райдæдта. Æ къес-къос цидæр æнахур богъ-богъмæ рахизтæй. Æвæдзи, æвгæрдæни ци фонси æвгæрдиуонцæ, уони богъ-богъ æ тухст уавæри æ зæрди æрбафтудæй æма уони фæнзта. Уотæ дæр мæмæ фæккастæй, цума нæ еу гулувзаг косæги хузæн дæр исдзурдта, уæдта цума кедæрти ба ма æлгъетгæ дæр кодта. Фæстагмæ и куй куддæр-муддæртæй фæууæгъдæ 'й. Хæрдмæ бæрзонд исгæпп кодта æма цæстифæнникъулдмæ фендæдуар æй. Ледзгæ ба, æнæрлæугæй, ардæгæй уалæ нартихуари æртиккаг хумæмæ цуппæрвадæй фæккодта. Уæдæй абони уæнгæ не 'вгæрдæни куй уордæгæй дæлæмæ рæйуй. Ардæмæ 'й кадæртæ æрсайун дæр æвзурстонцæ, фал син нæ бакумдта. Нæ бухгалтерий косгутæ ба ин тæрегъæд кæнунцæ æма ин аллибон уордæмæ хуæруйнаг хæссунцæ.

Куййи хабармæ ку байгъустон, уæд сæ уотæ бафарстон:

– Æвгæрдæнмæ уалæ ци дууæ тели цæуй, уонæмæ еске бавналдта? Æвгæрдæни косгутæ ба мин уотæ:

– Неке сæмæ февналуй. Уæдта сæмæ æндеугæ дæр ка кæнуй. Уогæ, мæнæ æрæги карз дунгитæ ку адтæй, уæд ратудтонцæ æма сæ кадæр нæуæгæй байеу кодта.

Балæдæрдтæн, гъуддаг цæй медæгæ адтæй, уой. Æвгæрдæнмæ ци дууæ тели цудæй, уони, куд гъудæй, уотæ сæ бунæттæй баййивтон æма косгутæн загътон:

– Гъенур табуафси, уæ бон æвгæрдæнмæ бацæун æй, мацæмæй бал тæрсетæ.

Уæддæр и косгутæ медæмæ бацæун нæ кумдтонцæ, цалинмæ мæхуæдæг сæ разæй нæ бацудтæн, уæдмæ.

Нæ национ театралон аййевади номдзуд архайæг, Уæрæсей адæмон артисткæ Хъариати Харитони кизгæ Тамари райгурдбæл 27 апърели æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1915-1989).

*Директор магазина говорит продавцам:*

*– Извините, но мне кажется, что словосочетание «всякая хрень» не полностью отражает весь наш ассортимент...*

* * *

*– Вам мало? Я еще могу пообещать!..*

* * *

*– Слушай, как увижу что смешное, хохочу до упаду!!!*

*– Стоп, братан, а как ты бреешься?..*

УÆРÆСЕЙ ФЕДЕРАЦИЙ ÆСКЪУÆЛХТ ХУЗÆГÆНÆГ ЦÆЛЛАГТИ ВИКТОРИ СÆРМАГОНД РАВДИСТИТÆ МÆСКУЙ

# «ЦУМА НÆМÆ НÆ УАРЗОН ИРИСТОНÆЙ УАЛДЗИГОН ЗÆРБАТУГ ÆРТАХТÆЙ!..»



Мæскуй ирон æхсæнади айразмæ байгон æй аййевадон равдист «Уалдзæг. Иристон. Уарзт», зæгъгæ, уæхæн номи хæццæ. Уомæй минкъий фæстæдæр ба, Уæрæсей Федераций Совети байгон æй нæуæг равдист «Æнсувæрдзийнади цæсгæнттæ». Арæзт æрцудæй Цитгин Уæлахези 80 анзей исæнхæсти кадæн. Æвæрд си æрцудæй фондз æма цуппаринсæй кусти.

Аци равдиститæ дууемæй дæр коммæ арæзт æнцæ Уæрæсей Федераций æскъуæлхт хузæгæнæг Цæллагти Виктори хузæгæндтитæй. Виктор æррæстæ хумæтæг армдæсни нæй, фал ма æй историк, философ, анзфинсæг. Æ конд хузти æвдист цæунцæ Уæрæсей, Иристони цардвæндæгти цаутæ æма хабæрттæ. Устур сæрустурдзийнади хæццæ си æвдист цæуй, æ цитгин рагфидтæлти байзæдтаг ке æй, е. Уомæ гæсгæ уотæ хъæбæр æлвасунцæ сæхемæ аййевадæуарзгути.

– Аци равдист æй мæ лæвар, Иристонæй ами ка цæруй, еци силгоймæгтæн, – байдзулгæй зæгъуй Виктор. – Зонун æй, етæ хъæбæр æрхун кæнунцæ Иристонбæл. Æз син нæ хуæнхбæсти гъардзийнадæ æрластон мæ кустити. Мæ зæрдæ дарун, алкедæр си æхе аккаг зæрдæмæдзæугæ хузæгæндтитæбæл ке исæмбæлдзæнæй, уобæл...

Равдиститæмæ беретæ ’рбацудæнцæ æмбурд биййонтæй æма æмцъухæй загътонцæ, зæгъгæ, аци хузтæ син устур зæрдæхцæуæндзийнадæ ке ’рхастонцæ, беретæн си сæ сабийдогæ сæ зæрдæбæл ке ’рлæууун кодтонцæ, уой.

Хузти сæйрагдæр æвдист цæунцæ хуæнхаг гъæутæ, æрдзи алæмæттаг десгæнттæ, нæ республики сæйраг сахари историон зæрдæбæл бадаруйнаг рауæнтæ. Уæлдай фулдæр æргом æздахуй хузæгæнæг нæ адæмон исфæлдистадæмæ, æгъдæуттæ аййевадон фæрæзнитæй исфæлгонц кæнунмæ.

– Цæллагти Виктори кустити равдиститæ ’нцæ, уалдзæги райдайæни нæмæ, фиццаг ци зæрбатуг æртахтæй Иристонæй, уой хузæн, – зæгъуй Мæскуй цæрæг, не ’мзæнхон Сæбанти Козетæ. – Хъæбæр æхцæуæн нин æй аци бон уомæн æ куститæ уинун, нæ хуæнхбæсти думги уоддзæф, дæнтти сæр-сæр. Виктори цæстæй ракæсун бацæй нæ бон нæ райгурæн бæсти дуйнемæ ракæсун. Æ цæстæй ба хъæбæр уинагæ ке æй, е ба ни баруагæс æй.

Уогæ айдагъ не ’мбæстæгти нæ бафтудта деси Цæллаги-фурти исфæлдистадæ, фал ма Мæскуй не ’мзæнхонти æхсæнадæмæ фиццаг хатт ка ’рбафтудæй, етæ дæр устур цæмæдесдзийнади хæццæ базонгæ ’нцæ Иристони гъæздуг культури хæццæ.





Виктор куд загъта, уомæ гæсгæ аци равдист исаразуни ихæс æхемæ райста иристойнаг адвокат Батæрти Сослан.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма аци равдист фиццаг нæй Викторæн. Дæс анзей размæ Цæллаги-фуртæн Мæскуй арæзт æрцудæй æхе сæрмагонд равдист.

Уæрæсей Федераций Совети мартъий ци равдист арæзт æрцудæй, уоми ба устур хъæппæрес равдистонцæ Еленæ Бадмаева æма Мзокти Олег. Агъаз ба син кодтонцæ сенатортæ Виталий Назаренко æма Мамсурати Таймураз.

Равдисти ци цуппар æма дууинсæй кусти æвæрд адтæй, уонæн сæ еугуреми фæлгонцгонд æрцудæнцæ Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Иристони тугъдонтæ ци устур лæгæхсарæ равдистонцæ, е.

Хузæгæнæги ихæс æй евгъудæй абони уæнгæ фæлтæрти ’хсæн бастдзийнадæ дарун, æностæмæ фæхъхъæртун кæнун нæ фидтæлти æгъдæуттæ, нæ царди арфиаг хабæрттæ.

**ХЕКЪИЛАТИ Маринæ**

ЦÆГАТ ИРИСТОНИ ТЕАТРАЛОН АЙЙЕВАДИ НÆУÆГДЗИЙНÆДТÆ

# СЦЕНÆБÆЛ – «ХУÆНХТИ МИНÆВÆРТТÆ»

Цæгат Иристони адæмон финсæг Цæголти Васалийи (1921-2004) роман «Хуæнхти минæвæрттæ» хуарз зундгонд æй киунугæкæсгути цалдæр фæлтæрæмæн. Æ рæстæги уой бундорбæл финст пьесæмæ гæсгæ æвæрд æрцудæй спектакль. Еци гъуддаги axсгиагдзийнадæ нимайгæй, фæззиндтæй спектакль иснæуæг кæнуни фæндæ. Æма æнхæстгонд дæр æрцудæй – фæрæ дескаби спектакль (æ режиссер Уалити Гиви) æвдист æрцудæй Ирон театри сценæбæл. Театрдзаутæ аци ахсгиаг цаубæл хъæбæр зæрдæхцæуæнæй исæмбалдæнцæ, театри нæуæг исфæлдистадон куст сæ зæрдитæмæ хæстæг райстонцæ.



Уомæ гæсгæ ба цийнаг хабар æй е дæр, æма спектакль фæууинуни равгæ уодзæнæй, сæрди Дзæуæгигъæуи «Вахтангов. Путь домой», зæгъгæ, ци фестиваль арæзт цæудзæнæй, уой рæстæги. Нæкæси, фарæ аци фестивали Ирон театр равдиста спектакль «Гæздæнтæ». Устур æхцæуæнæй ибæл исæмбалдæнцæ театрмæ кæсгутæ.

ХОНÆН УÆ!..




Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 843**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 18.04.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 18.04.2025.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рвæтæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.